**SMA NU 03 MUALLIMIN WELERI**
**GLADHEN I BAHASA JAWA**
**KELAS XII**

NAMA :

KELAS:

**1. Tarik gambar ing ngisor supaya trep kaliyan kolom!**

| SIRAMAN | KACAR KUCUR | DHAHAR KLIMAH |
|---|---|---|
| | | |
| NGIDAK TIGAN | SUNGKEMAN | BALANGAN GANTAL |
| | | |








LIVEWORKSHEETS

2. Pilihen salah siji wangsulang ingkang wonten ing kolok sakiwa soal!

| | |
|---|---|
| | Nuju malem senin aku lan santri liyane padha mirengke Mbah Kyai lagi mulang Kitab Tauhid. Biasane Amin ora tau ngrungokake wejangane Mbah Yai, nanging bengi kuwi dengaren Amin temenan anggone ngrungokake. "Polah tingkah sakabehing titah ing alam donya sing nglakokake Gusti Allah ora beda kaya wayang kang dilakokake dening dhalang." Ngono dudutan kang diterangke Mbah Kyai wektu iku.<br><br>Manut petikan crita kasebut kedadeyan ing dina.... |

3. Pilihen salah siji wangsulang ingkang wonten ing kolok sakiwa soal!

| | |
|---|---|
| | KENCENGING TEKAD<br><br>Demostenes iku sarjana yunani ing jaman kuna, kondhang anggone medharsabda menawa lagi medharsabda ora ana kang ora trenyuh sarta kepranan ing ati mangka nalika isih nom-nomane demostenes iku napase cekak swarane seseg kedaling ilat angel uga groyok nanging duwe panjangka arep dadi ahli micara utawa dadi ahli medharsabda. Dhasare wis diniyati mula dheweke iya ora wegah rekasa ora wedi kangelan ora mung disregepi olehe gladhen micara nanging uga sinau ngelmu lan teori micara sedina-dina dheweke ora tau leren anggone gladhi gunem lan swara ewadene wis nganti suwe durung bisa oleh asil sing maremake nanging bab mangkono iku ora nuwuhake rasa wegah malah dheweke mempeng nyinau medharsabda, ing wasana demostenes kasil gegayuhane dadi ahli micara sing kaloka ing donya.<br><br>Ing cerkak " kencenging tekad " nyritakake babagan… |

4. Pilihen salah siji wangsulang ingkang wonten ing kolok sakiwa soal!

| | |
|---|---|
| | Nalika ngrungokake pasrah penganten, ana pratelan :<br><br>*Dhumateng para sesepuh pinisepuh ingkang pantes pinundhi-pundhi.*<br>*Para tamu kakung putri ingkang winantu ing pakurmatan.*<br><br>Pratelan iku kalebu perangane tanggap wacana, kang diarani …. |

LIVEWORKSHEETS

5. Pilihen salah siji wangsulang ingkang wonten ing kolok sakiwa soal!

| | |
|---|---|
| | Nalika sesorah swantenipun ingkang trep, boten keseron, boten bengak-bengok, lan boten kelirihen, tegesipun tiyang sesorah menika nggatosaken... |

LIVEWORKSHEETS